


# Enda Kune Mukoma vako

Justin A. Hopkins

**Enda Kune Mukoma vako**

**NaJustin A. Hopkins**

Zvinovanzotaurwa kuti maKritsu haana kudanwa kuti asave nezvivi, asi kuti takafanirwa kuti tisatadze. Muno muchatsanangurwa pfungwa iyi,  kwete kuti tapihwa bvumo yekutadza, asi kuti zvakakwana zvakakwanisika kuwanikwa nemunhu mumwechete - Jesu Kritsu. Mwari anonzwisisa kuti tinokanganisa nguva nenguva, ndosaka takavimbiswa kuti "*Asi kana tichifamba muchiedza, saiye ari pachiedza, tinoyanana isu; neropa raJesu Kristu, Mwanakomana wake, rinotinatsa pazvivi zvose*" (1 Johane 1:7). Kana kukanganisika kusingaitike muvanhu, zvoreva kuti hapana chikonzero chekuti kuve nekucheneswa.

Sekutaurwa kunotaurwa kuti, Testamente Itsva inobudisa pachena mudzidziso dzayo kuti hatifanirwe kutendera kudzokororwa kwechivi mumuviri vaIshe. Pauro anopa muenzaniso, kunyangwe paaishanda nekukanganisa kwemuapostora ainzi Kefasi, "*Zvino Kefasi wakati asvika Antiokia ndakamudzivisa pachena, nokuti wakanga anemhosva*" (vaGaratia 2:11).

Chivi chaKefasi chaisaziikanwa noruzhinji rwevanhu, uye mukuzivisa kwakaitwa naPauro chivi ichi, zvakabatsira kugadzirisa dambudziko rainge ravepo. Mamwe mamiriro ezvinhu ayo Pauro akatarisana navo kubudikidza naAllexander mupfuri wendarira, uyo ayipokana nekufuridzirwa kwedzidziso dzaPauro! Zvokwadi, chinhu chakadai hachitenderwe kuitwa chesina kucherechedzwa. Pauro akaita zvose zvaaikwanisa kutsigira, uye akabva apa chenjedzo kune muparidzi vechidiki Timoti achiti: "*Areksandro, mupfuri wendarira, wakandiitira zvakaipa zvizhinji; Ishe uchamutsiva paakaita napo*" (2Timotio 2:14).

Pane nguva dzimwe chivi cheMukritsu chinosvika pakuva chinonyadzisa, kana kuziikanwa paruzhinji. Tinofanirwa kuita sei kana zvinhu zviri muchimiro chakadai? Zvivi zvose here zvinoitwa kana kuziikanwa neruzhinji zvinoda kuitirwa yananiso paruzhinji sezvakaitwa naPauro akapa muchiitiko icho chakafuridzirwa?

Chinhu chimwechete chakakosha chinofanirwa kucherechedzwa mumuitiro

vaPauro mumabatiro ezvivi zvakaita sezveruzhinji, ndezvekuti tinokwanisa kusavana ruzivo rwose rwatinenge tichida. Tinokwanisa kupa medziso yemazvo tikatarisa mukunyora kwaPauro kuti chivi ichi chaive chakaitwa paruzhinji. Nokudaro, zvose zvakazoitika, nematanho ose akazotorwa paruzhinji hatina kumaziviswa; nokuti mashoko ayo ainge asina kukosha mumashoko akafuridzirwa munyori. Chii chimwe chatinofanitwa kutarira kana tichinge tichishanda nechivi mukati mekereke?

Kana tichitarisa muchidzidzo, zvakakosha kuti ticherechedze zvose zvingataurwe neZvinyorwa pamusoro penyaya. Mukutarisa kunyanya munyaya iyi, zvinoratidzika kuti tinomhanya kutarisa kwekupedzisira kana rimwechete, sezvaiitwa neMakritsu ekutanga mumakore ezana muKorinte.

Apo Pauro akatanga kunyora kwavari, vaisangoregerera chivi muKereke, vaichigamuchira mukuchimbundira senzira yekufambidzana neavo vaive munyika yainge yakavapoteredza! Pauro anovakurudzira, "*Kuzvirumbidza kwenyu hakuna kunaka. Ko hamuzivi kuti mbiriso shoma inovirisa bundu rose here? Bvisai mbiriso yekare, kuti muve bundu idzva, sezvamusina kuviriswa*" (1 Vakorinte 5:6,7).

Mukunyora kwake kwechipiri, hama dzepaKorinte dzainge dzakukura mukushingaira mukutsuura chivi zvinova zvakazova dambudziko:

"*Kurova uku kwavanhu vazhinji kunoringana munhu wakadai. Naizvozvo zvirinani kuti mumukanganwire nokumunyaradza, kuti arege kuvodzwa moyo kwazvo neshungu huru*" (2 Vakorinte 2:6,7).

Saka zvinoonekwa kuti pane mukana uri pakati pedu: mukana vekutsuura chivi, asi tichiratidza rudo netsitsi kuhama dzedu muna Kritsu.

Sezvinei, Ishe vedu Pachezvake akatipa dzidziso chaidzo idzo pamwechete nekutipa musimboti unotichengetedza mumamiriro ezvinhu zvakadai. Muna Mateo 18:15-17, tinoona urongwa unofanirwa kuteedzerwa kana tichigadzirisa chivi chevamwe.

Patinenge tichicherechedza pamusoro pehurongwa uyu ngatirangarirei mashandisirwo akaitwa mavara mukuitika kwehurukuro. Mundima inotevera, Ishe vedu

anotaura vachipa mufananidzo vemufudzi, ainge aine makwai zana, akasvika pakurasa rimwechete, ndokubuda achinoritsvaka. Jesu anosvika pakuzvipa chirevo mundima yechi 14, paanoti, "*Nokudaro hakuzi kuda kwaBaba venyu vari kudenga, kuti mumwe wavaduku ava afe*".

Mundima 15, anotiraira kuti kana tichinge tichibata zvino zvinechekuita nechivi, tinofanirwa kutanga taenda kumunhu ariega pakawanzika. Kunyangwe hazvo Ishe vedu vasina kupa tsigiro ipapo, uchengeri vaSolomoni unotsanangura kuti: "*Rangana nowakaipa pamusoro pemhosva iri pakati penyu, Asi usareurura zvakavanzika zvomumwe; Kuti mumwe anozvinzwa arege kukutuka, Gungwa rako rikasaguma*" (Zvirevo 25:9,10).

Jesu anoenderera mberi mundima 16 ne 17 mukutitaurira, kuti kana zvichibvira, munokwanisa kutora vamwe vaviri vamunoenda navo, kana zvichibvira munokwanisa kurairwa paruzhinji, sechiitiko chekutanga muchidzidzo ichi.

Kana tichinge taziva pamusoro pechivi chevamwe, tinoteedzera zvakadii mutemo vaMwari vedu? Tinoita makuhwa here kune vamwe pamusoro pezvinhu zvavanenge vachiita? Tinosvika pakubudisa kutadza kweChechi here kuti nyika yese ione? Kana kuti, tinofanirwa kuteerera kuda nekuita maringe neruzivo nemurayiro vaIshe vedu?

Musimboti vekupedzisira unotungamira vatinoratidzwa muchidimbu naIshe vedu, asi vakasimba："*Saka zvinhu zvose zvamunoda kuti vanhu vakuitirei, muvaitire nemivo saizvozvo nokuti ndiwo murairo navaporofita*" (Mateo 7:12). Zvipfekedze mukati meshangu dzavo. Haude here kuti vanyatsokubudira pachena pamusoro pemweya vako? Unoda kuti vazviite nemutovo upi?

Kubudikidza nekuteedzera Tetsamente Itsva mukutsuura chivi muviri unenge uchitadza unopomeswa, zvinoratidza rudo zvakare Mwari anosvika pakukudzwa! "*Ngaazive kuti unodzora mutadzi panzira yokutsauka kwake, uchaponesa mweya parufu nokufukidza zvivi zvizhinji*" (Jakobho 5:20).